GID DEPATMAN KONSTWIKSYON POU:

VYOLASYON



NYC Buildings



VYOLASYON

Depatman Konstwiksyon (Department of Buildings, DOB) bay vyolasyon pou pwopriyetè ak devlopè bilding si enspektè nou yo jwenn kondisyon ki pa respekte Kòd Konstwiksyon oswa Rezolisyon Zonaj Vil New York. Tout vyolasyon nou bay yo se enfòmasyon piblik epi ou kapab wè yo sou entènèt nan Sistèm Enfòmasyon sou Konstwiksyon (Buildings Information System, BIS) nou. Vyolasyon sa yo parèt tou nan rechèch tit pwopriyete yo.

Lè ou resevwa yon vyolasyon, li enpòtan pou ou rezoud li vit pou asire sekirite piblik. Epi nan sèten ka, si ou rezoud vyolasyon yo byen vit sa kapab redui kantite lajan total amann ou ka dwe.

Anba la a se yon apèsi sou de (2) kalite vyolasyon enspektè nou yo bay, ak fason pou rezoud yo. Nou tande yon kalite vyolasyon nan Komisyon Kontwòl Anviwònman (Environmental Control Board) Minisipalite Vil la. Anjeneral, ou kapab rezoud lòt kalite a sou fòm administratif depi ou travay direkteman avèk nou.

Vyolasyon nou Tande devan Komite Kontwòl Anviwònman

Vyolasyon nou bay souvan an se yon Avi pou Vyolasyon (Notice of Violation, NOV) ki rezoud devan Komisyon Kontwòl Anviwònman Minisipalite Vil la. Komisyon Kontwòl Anviwònman an (Environmental Control Board, ECB) se yon kalite tribinal ki rele yon tribinal administratif. Li tankou yon tribinal regilye, men li pa fè pati nan sistèm tribinal Leta.

NOV nou bay yo ap gen ladan adrès kote nou te obsève vyolasyon yo, yon deskripsyon sa enspektè nou te obsève, kòd legal yo te vyole a, non moun oswa non biznis ki te resevwa vyolasyon an, ak yon dat odyans pou lè oumenm oswa reprezantan ou dwe prezante devan yon jij nan ECB epi pou fè konnen pozisyon ou nan afè a. NOV gen ladan tou dat lè ou dwe korije vyolasyon yo, ki rele tou yon "Dat pou Koreksyon."

Ou gen twa (3) fason pou rezoud vyolasyon ECB yo:

1. Si ou te resevwa yon Dat pou Koreksyon, ou dwe korije vyolasyon (yo) ki dekri nan NOV anvan dat sa a epitou ou dwe remèt yon Sètifika Koreksyon (ki rele tou fòm AEU-2) ba Inite Ranfòsman Administratif nou. Ou dwe bay prèv notarye ki endike vyolasyon (yo) enspektè nou te obsève a te rezoud. Yon fason pou fè sa se pou ban nou foto oswa bòdwo ki montre ou te korije vyolasyon yo. Ou dwe bay tou non moun ki te fè travay ki te nesesè a. Si nou aksepte Sètifika Koreksyon an anvan Dat pou Koreksyon an, n ap souvan anile oswa diminye sanksyon ou gen pou peye a.

   Adrès Inite Ranfòsman Administratif se 280 Broadway, 5th Floor, NY, NY 10007, epi ou kapab swa voye Sètifika Koreksyon an pa lapòs oswa remèt li fas-a-fas.

2. Peye amann yo epi swiv enstwiksyon nou bay nan NOV la. Ou dwe toujou remèt yon Sètifika Koreksyon ba Inite Ranfòsman Administratif nou.

3. Patisipe nan odyans nan ECB, konteste vyolasyon an, epi di pozisyon ou nan afè a. Remak Enpòtan: Pwopriyetè oswa moun ki reponn ki pa patisipe nan odyans lan (oswa ki pa bay yon reprezantan) kapab tonbe anba sanksyon ki ka rive jiska $25,000 dola.

Depatman Vyolasyon Konstwiksyon

Kèk vyolasyon nou bay p ap egzije ou pou prezante nan yon odyans ECB, men yo ka gen amann w ap gen pou peye. Nou rele kalite vyolasyon sa yo yon "Vyolasyon Depatman Konstwiksyon" oswa yon "Vyolasyon DOB."

Ou dwe rezoud vyolasyon DOB yo byen vit paske kèk ladan yo ka ogmante enterè a apre yon peryòd tan, sa ki kapab lakòz gwo ogmantasyon sou amann total ou gen pou peye a.

Fason pou Rezoud Vyolasyon DOB

Ou dwe korije vyolasyon ki endike sou yon vyolasyon DOB. Lè travay pou korije vyolasyon yo fini, oumenm oswa reprezantan ou dwe ban nou dokiman sipò tankou foto oswa bòdwo pou pwouve ou korije vyolasyon yo. Swiv enstwiksyon ki nan dokiman ou te resevwa nan men nou pou remèt dokiman sa yo.

KALITE VYOLASYON AN	MOUN POU KONTAKTE
Tout vyolasyon ECB	Administrative Enforcement Unit (AEU) 280 Broadway, 5th floor, New York, NY 10007 (212) 393-2405 (212) 393-2303
Vyolasyon DOB konsènan Fasad (Lwa Lokal 11/98)	Local Law Enforcement Unit 280 Broadway, 4th Floor, New York, NY 10007 (212) 393-2551
Vyolasyon DOB konsènan Aparèy pou Chofe Dlo (Lwa Lokal 62/91)	280 Broadway, 4th Floor, New York, NY 10007 Central Inspections Boiler Division (212) 393-2661
Vyolasyon DOB konsènan Asansè (Lwa Lokal 10/81)	Elevator Division 280 Broadway, 4th Floor New York, NY 10007 (212) 393-2144
Vyolasyon DOB konsènan Elektrisite	Electrical Unit Borough Offices Manhattan: (212) 393-2462 Bronx: (718) 960-4750 Brooklyn: (718) 802-4342/4347 Queens: (718) 286-7650 Staten Island: (718) 420-5411
DOB: Tout lòt kalite vyolasyon DOB	Construction Unit Borough Offices Manhattan: (212) 393-2553 Bronx: (718) 960-4730 Brooklyn: (718) 802-3685/3684 Queens: (718) 286-8360 Staten Island: (718) 420-5418

Rick D. Chandler, P.E.
Commissioner, Department of Buildings

nyc.gov/buildings